

# Idantifye Imèl ak Mesaj Tèks Endezirab

*Aprann kijan pou rekonèt epi trete imèl ak mesaj tèks endezirab.*

## 1. Kijan Mwen kapab Idantifye Imèl ak Mesaj Tèks Endezirab?

Souvan, imèl ak mesaj tèks endezirab yo ap eseye fè w tonbe nan yon pyèj oswa yon anak, bay enfòmasyon pèsònèl ou, oswa mete lojisyèl malveyan sou aparèy ou pa aksidan.

Men kèk siy pou w sonje:

- Erè òtograf ak gramè
- Mesaj ijan k ap eseye fè w prese oswa fè yon bagay byen vit
- Mesaj ki mande w telechaje yon fichye oswa klike sou yon lyen
- Mesaj ou pa t ap tann ke moun ou pa konnen voye
- Òf prim oswa kontra
- Demann enfòmasyon konsènan kont ou

Souvan, mesaj endezirab pa tèks ak pa imèl yo eseye fè tèt yo pase pou yon biznis ou fè konfyans oswa yon sèvis ke w itilize, tankou FedEx oswa Apple. Rete vijilan pou erè, lyen etranj, oswa demann ki prezante yon ijans etranj. Egzanp, biznis lejitim pa mande enfòmasyon pèsònèl ou.

## 2. Teste konpetans ou

Pou teste konpetans ou, ou pral analize egzanp sou fwod eskwokri reyèl ak anak ki soti nan New York DMV anvan:

- Vizite sit sa a: <https://dmv.ny.gov/more-info/phishing-examples>

# NYC Digital Safety

## Privacy & Security

---

- Si ou nan yon atelye, enstriktè ou a ka prepare echantiyon pou ou analize. Si w ap eksplòre poukont ou, ou ka analize kèk nan egzanp ki pi resan yo sou sit entènèt sa a epi wè si ou ka idantifye ki kalite kourye endezirab w ap wè.

Note obsèvasyon ou yo la a:

Aprè sa, eseye aplike konsepsyon ou ak obsèvasyon ou nan pwòp kont ou:

- Ouvri imèl ou epi ale nan katab endezirab ou a. Gade si w ka idantifye egzanp diferan kalite mesaj endezirab ou ta ka resevwa
- Apre sa, gade mesaj tèks ou yo epi wè si w ka wè nenpòt egzanp mesaj tèks endezirab

Note obsèvasyon ou yo la a:

Dapre egzanp ou te wè yo, nan pwòp kont ou yo ak atravè egzanp yo bay yo, fè yon lis kalite komen nan kourye endezirab ke w ap wè ak karakteristik kle ki pèmèt ou idantifye yo.

# NYC Digital Safety

## Privacy & Security

---

Note lide final ou yo la a: